

Gid kanpis pou sware Vandredi match foutbòl ameriken 15 septanm a 7 p.m.

1 Septanm 2023

Chè Kominote kanpis,

Nou espere ou byen enstale w pandan premye semèn semès la!

Epitou, yon nouvo ane akademik vle di yon lòt ane ankourajman pou elèv-atlèt nou yo, epi, pandan otòn sa a, nan **Vandredi 15 septanm a 7 p.m.**, Maryland Football ap akeye University of Virginia pou yon match vandredi swa.

Nou chofe pou nou akeyi anpil ansyen elèv, fanatik ak lòt envite sou kanpis nou an, epi, piske nou atann yon ogmantasyon nan kantite vizitè nou yo, nou vle bay kominote nou an kèk konsèy anplis.

Kanpis la ap rete ouvri pou ansèyman epi li p ap fèmen pi bonè. Nou te bay pwofesè ansanm ak enstriktè yo yon seri konsèy sou ansèyman vityèl oswa ibrid ki pa obligatwa. Nou ap enfòme elèv yo dirèkteman.

Toutpandan aktivite nòmal sou kanpis la ap rete anplas, li enpòtan pou note nou ap prepare kèk pakin pou estasyònman match yo apati 1 p.m. Gen lòt pakin ki ap disponib pou moun ki itilize pakin sa yo epi ki vle rete sou kanpis la. Tanpri, planifye alavans epi verifye **[comprehensive parking information provided by DOTS.](#)**

Ap gen anpil trafik nan fen apremidi a tank fanatik yo ap rive, kidonk, anplwaye ki kalifye pou teletravay yo kapab anvizaje pou pale avèk sipèvizè yo a pou mande yon jou teletravay oswa yon ajisteman nan kalandriye a. Epitou, ou kapab mande pou itilize jou konje chak ane oswa pèsònèl ou yo pou yon pati oswa pou tout apremidi a. Nenpòt moun ki vle mande youn (1) nan opsyon sa yo dwe pale avèk sipèvizè yo a kou sa posib. Yo ap egzamine demann sa yo sou yon baz ka-pa-ka.

Nou di w mèsi pou fleksibilite w, paske nou fyè pou soutni ekip Maryland Football nou an!
Ale Terps!

Sensèman,

Jennifer King Rice

Vis Prezidan Prensipal epi Dwayèn

Li (Pwonon Feminen)

Rythee Lambert-Jones

Vis Prezidan Adjwen epi Direktè Jeneral Resous Imèn

Li (Pwonon Feminen)